

ENFÒMASYON SOU NOU

Depi 1926, South Shore Mental Health tounen yon chanpyon nan fè sèvis pou timoun, pou adolesan, ak pou fanmi ki gen ka grav tankou pwoblèm emosyonèl, pwoblèm nan konpòtman, andikap nan developman, ak moun nan fanmi an ki pran dwòg. Nou ede moun devlope ak kenbe konpetans fizik, mantal, ak sosyal yo bezwen pou yo bay pi bon rannman ki posib nan kominote yo. Pami sèvis li fè yo, South Mental Health gen klinik pou pasyan ekstèn nan Quincy, Marshfield, Plymouth, ak Wareham. Nou fè tretman lajounen, sèvis entansif konplè, epi fòmasyon pou ede granmoun ak adolesan travay ak sèvi nan kominote a. Nou fè terapi pou timoun ak fanmi tou lakay yo, oswa lekòl, oswa nan sant pou okipe timoun, nan rezidans pou gwoup ak nan lòt enstitisyon kominotè.

POU YO TRANSFERE W NAN SÈVIS NOU YO

Fanmi yo ka resevwa transfè pandan yon pasyan lopital, oswa pandan yo kenbe pasyan an pou fè yon Tretman Entansif Baze nan Kominote a; moun ki ka fè transfè a, se yon Ekip Mobil pou Entèkansyon kont Kriz, oswa yon Kowodinatè pou Swen Entansif (ICC) ki nan yon ajans sèvis kominotè. Lòt moun ki ka fè yon transfè pou jenn moun, se pèsònèl nan lekòl, sèvis medikal pedyatrik, moun ki travay nan sistèm Jistis Jivenil la, moun nan fanmi, oswa lòt enstitisyon kominotè ki fè transfè.

TERAPI LAKAY MOUN AK SIPÈVIZYON POU TERAPI

Se yon Pwogram South Shore Mental Health



NIMEWO TELEFÒN POU MANDE TRANSFÈ NAN SÈVIS NOU YO

**Nan zòn metwopòl Boston oswa nan kote ki
tou pre** (617) 803-8953

Nan zòn metwopòl Plymouth ak Brockton
(857) 939-3613

Nan Quincy ak South Shore
(857) 939-1085



MISYON NOU

Nou fè sèvis pou sante mantal ak sèvis entèkansyon prekòs nan edikasyon, tretman, ak rekiperasyon pou plis pase 17 000 timoun ak granmoun depi nan Boston pou rive jouk Cape Cod.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis sa yo,
ou mèt gade nan sit entènèt nou an, nan adrès
www.ssmh.org oubyen rele
biwo Enskripsyon nou an (Intake Office)
nan nimewo (617) 847-1914

Haitian Creole_8-12

**SOUTH SHORE
MENTAL HEALTH**

ENFÒMASYON SOU SÈVIS INISYATIV POU SANTE TIMOUN NAN KONPÒTMAN YO

South Shore Mental Health konn fè 2 kalite sèvis CBHI: youn se Terapi Lakay Moun (IHT), lòt la se Sipèvizyon pou Terapi. Terapi Lakay Moun lan, se yon tretman konplè ki konsantre sou patisipasyon fanmi, kote fanmi an ak sèvis la travay ansanm pou reyalize sekirite, establi, ak lòt objektif yo idantifye. Sipèvizyon pou Terapi a sèvi kòm konpleman pou pasyan ekstèn, ak pou Terapi Lakay Moun lan, paske li pèmèt bay jenn moun sipò sou yon baz endividyèl.

Anplwaye nou yo se pratisyen kalifye, epi nan pami yo gen moun plizyè ras ak plizyè gwoup etnik. Klinisyen yo ak sipèvizè yo kapab pale nan lang angle, panyòl, franse, kreyòl asyisyen, chinwa kantonè, chinwa mandaren, vyetnamyen, pòtigè, ak kreyòl yo pale nan Cape Verde.

KALIFIKASYON

Pou yon moun kalifye (jouk li rive gen 21 an), li dwe gen kouvèti MassHealth; sèvis li resevwa kòm pasyan ekstèn sèlman yo pa dwe ase pou bezwen li ak bezwen fanmi l; li dwe rete nan yon fanmi kote leta bay okipe l, oswa kay yon moun ki se fanmi l; epi kondisyon klinik li dwe mande pou li resevwa terapi lakay li, depi gen youn oubyen plizyè nan ka sa yo ki vre:

- ♦ Jenn moun lan bezwen yon plan pwoteksyon kont danje, ak pou sekirite l
- ♦ Jenn moun lan ak fanmi l bezwen fè koreksyon nan jan yo aji youn ak lòt
- ♦ Gen nesosite pou ranfòse kapasite paran oswa moun ki responsab jenn moun lan, pou ba li bon jan sipò lakay li.



TERAPI LAKAY MOUN LAN

South Shore Mental Health fè terapi lakay yo pou jenn moun ki ka gen jiska 21 an, ki gen kouvèti MassHealth, epi yo kapab deside entèn nan yon enstitisyon oubyen mete nan yon Pwogram Tretman Entansif nan Kominote a, oubyen jenn moun k ap soti nan yon pwogram konsa pou antre lakay yo, oubyen si sèvis pasyan ekstèn jenn moun sa yo ka jwenn pa satisfè bezwen yo ak bezwen fanmi yo.

Ekip pou Terapi Lakay Moun nou yo genyen yon klinisyen ki resevwa fòmasyon nan nivo metriz, ansanm ak yon asistan pou fòmasyon nan terapi ak pou sipò ; yo kapab rele asistan an ant 8è dimaten ak 8è diswa, 7 jou sou 7, nenpòt ki jou nan lane a, epi moun ki desèvis yo ka bay asistans 24 sou 24, 7 jou sou 7. Pou travay ak fanmi yo, ekip IHT nou yo sèvi ak yon metòd pou tout fanmi an, epi li chèche kontre ak moun yo kote yo ye, jeyografikman, kiltirèlman, ak emosyonèlman. Yo ede fanmi yo nan kontwòl danje ak planifikasyon sekirite, yo ede adolesan ak fanmi yo korije abitud yo genyen nan jan yo aji youn ak lòt, epi yo bay moun k ap okipe pasyan yo fòmasyon pou fè travay la. Ekip IHT a fè koneksyon tou ant fanmi ak jenn moun yo avèk sèvis ki nan kominote a, epi li fè kowòdinasyon ant swen sante pou konpòtman ak swen medikal ak fòmasyon akademik.

SIPÈVIZYON POU TERAPI

Gen sipèvizè ki resevwa fòmasyon pou travay avèk kliyan MassHealth ki gen jiska 20 an, lè se yon founisè sèvis CBHI ki voye yo, tankou yon terapè ki fè sèvis lakay moun, oswa yon kowòdinatè swen entansif ki sèvi nan yon ajans kominotè. An kolaborasyon avèk founisè sèvis la, sipèvizè pou terapi a ap ede jenn moun lan:

- ♦ travay sou bezwen li genyen pou viv chak jou, ak pou kominike
- ♦ devlope konpetans pou debwouye l nan mitan yon gwoup sosyal, pou sèvi avèk konpetans li devlope yo, epi pou fè pwogrè pratik dapre travay li fè avèk IHT oswa nan terapi pou pasyan ekstèn
- ♦ mete an pratik amelyorasyon nan kominikasyon avèk lòt moun yo, konpòtman ki koresponn avèk laj li, konpetans pou rezoud pwoblèm, konpetans pou rezoud konfli, ak relasyon kòrèk avèk lòt moun nan aktivite sosyal ak rekreyasyon